

Lembar Kerja Peserta Didik

Ancasipun Pasinaon

Peserta didik mampu menguraikan pengertian peranan teks cerkak dengan tepat.

Peserta didik mampu menganalisis peranan teks cerkak secara logis dengan tepat.

Pitedah Pasinaon

1. Kadamela kelompok ingkang anggotanipun 5 utawi 6 per kelompok.
2. Kagatosna andharan saking guru bab peranan cerkak.
3. Kawaosa sedaya andharan materi wonten LKPD punika kanthi premati.
4. Kawangsulana pitakenan-pitakenan ingkang sampun kasamaptakaken kanthi patitis.
5. Para siswa pirembagan kaliyan kanca sakelompok kangge mangsuli pitakenan.
6. Kangge mangsuli pitakenan dipunparingi wekdal 15 menit.
7. Menawi wonten tembung ingkang awrat kangge dipunmangertosi, saged pados tegesipun wonten ing sastra.org/leksikon.
8. Menawi wonten pitakenan, saged nyuwun pirsu dhumateng guru.
9. Satunggal kelompok anggenipun ngempalaken cekap satunggal kemawon ananging sedaya anggota kelompok kedah paring pamanggih.
10. Anggenipun mangsuli sasaged-saged ngginakaken basa Jawi ragam krama.
11. Sampun kesupen nyerat nama jangkep, nomer presensi, kelas, kaliyan tanggalipun.
12. Menawi sampun cekap, LKPD punika saged dipunaturaken dhateng guru utawi di-submit.

Fase 1. Orientasi Masalah

Pemantik

- Punapa para siswa sampun nate maos cerkak? Menawi sampun, cerkak punapa ingkang nate dipunwaos?
- Kados pundi raosipun para siswa nalika maos cerkak? Seneng? Sedhih? Perangan punapa ingkang dadosaken para siswa ngraosaken seneng utawi sedhih punika?

Pretest

Kangge mangertosi kemampuan siswa tumrap materi peranan cerkak saderengipun pasinaon, sumangga saged mangsuli pitakenan-pitakenan wonten *link* utawi *barcode* ing ngandhap.

<https://quizizz.com/join?gc=77743585>

Peta Konsep



Fase 2. Organisasi Peserta Didik

Materi Faktual

Tuladha Cerkak ing Majalah Djaka Lodang



Materi Konseptual Perangan Cerkak

Orientasi

Ancasipun ngandharaken *informasi* wigatos ingkang jumbuh utawi gayut kaliyan cariyos candhakipun, saged awujud gegambaran wekdal, panggenan, suraos, utawi paraga.

Titikan

Ukara-ukaranipun nggambaraken latar (wekdal, papan, suraos) utawi paraga, saged saking andharan asmanipun, padamelanipun, kahanan, utawi blegripun.

Tuladha

Gaweane mung buruh tani, kanthi gaji ngisor standar UMK. Uripe kepara mung pas-pasan. Paribasane mung cukup kanggo mangan, lawuh tahu tempe. Omah tinggalan wong tuwane katon banget prasaja, prasasat wis mataun-taun ora kambon cet.

Minangka kulawarka Gakin, ing satengahing urip bebrayan ing kampung ndesa, Lik Gino asring ora dianggep dening tangga teparo. Biyasa ta, ing jaman sing sarwa materialistik iki, pangurmatan mung kanggo wong sing nduweni pangkat lan banda donya.

Komplikasi

Minangka undering cariyos, ancasipun ngandharaken utawi nyariosaken tuwuh lan reruweting prakawis (konflik) ingkang dipunadhepi dening paraga cariyos.

Titikan

Andharan tuwuhipun prakawis ingkang dipunlampahi utawi dipuntindakaken paraga, nggambaraken tindak-tanduking utawi pamanggihipun paraga, kathah dialogipun.

Tuladha

Sanadyan urip lan drajate wis kepenak, nanging ana siji sing durung paripurna. Lik Gino durung bisa mantu. Durung bisa ngomah-omahke Surti lan Sarti. Piye arep mantu, wong Surti lan Sarti kuwi durung duwe calon bojo.

Resolusi

Ngandharaken bilih prekawis sekedhik mbaka sekedhik saged dipunlampahi dumugi cekaping cariyos. Tahap resolusi ugi saged nyariyosaken lampahing paraga nemokake cara kangge ngrampungaken prakawis. Ananging boten sedaya, wonten ugi tahap resolusi ingkang wekasanipun boten cetha. Pramila resolusi wonten 2 jenis, resolusi *tertutup* kaliyan resolusi *terbuka*.

Titikan

Nggambaraken paraga nalika ngrampungaken prakawis utawi raosipun paraga sabibaripun prakawis rampung utawi sabibaripun tumindak.

Tuladha Resolusi Terbuka

"Iki lho Pak calonku. Iki calon bojoku," ujare Surti. Ora let sedhela Sarti uga ngenalke calon bojone sing uga wong wedok ayu sijine. Lik Gino kaget sanalika weruh kahanan kuwi. "Dadi? Dadi kowe ...?" Lik Gino ora bisa mbacutake tembung. Panyawange semrepet. Donya dadi peteng dhedhet. Awake nuli nggeblak ing jubin.

Tuladha Resolusi Tertutup

"Coba yen cah-cah kae bisa ngerti kaya kang takweruhi, mesthi bae padha kapok munggah gunung, anane jim tumraping kancaku pancen gaib." Batine Giman karo lambene komat-kamit muji Asmaning Gusti ora leren-leren, muga-muga danyange kono ora nggiri goda. Pedhut wiwit saya kandel tumurun saka puncaking arga, kahanan saya peteng, atis. Giman lan kanca-kancane mbacutke nggone mlaku.

Fase 3. Penyelidikan Individu/Kelompok

No. Kelompok:

Kelas:

Tanggal:

Nama Anggota:

No. Presensi:

Gladhen

Pitedah Gladhen

Waosen pethikan cerkak ingkang sampun dipunacak punika lajeng wangsulana pitakenan-pitakenan ing ngandhap kanthi pirembagan kaliyan kanca sakelompok. Wekdalipun 15 menit.

1. Kaseratna pangertosan saking saben perangan cerkak!
2. Susunen pethikan cerkak ing ngandhap punika kanthi runtut!
3. Analisisen peranganipun cerkak punika!
4. Kaandharna pawadan utawi titikanipun!

Kerogen

Pethikan A

Jam sanga Minggu wingi, Ibram mulih saka omahe Rustandi kanthi tangis gero-gero. Sakujur awake katon mbrendhol sajagung-jagung gedhene.

"Ibram kena apa kowe, Le?" Bu Irma pengen weruh.

Ibram ora njawab. Dheweke malah golung-koming. Tangise tambah nemen. Bu Irma sing mau mung nyawang kamitenggengen banjur ngongkon Ibram supaya nguculi klambine.

"Emoh. Gatel, Bu."

"Awakmu genah kena uler gatel, Ibram. Wulune uler mau nemplok ana klambimu. Mula klambi kuwi kudu ndang dicopot. Yen ora, wulune sing nggatali kuwi sangsaya mancep ana kulit, Ibram."

"Emoh...emoh....!"

"Mrene...mrene, dakuculane." Ujare Bu Irma karo cag-ceg nguculi klambi putrane. Sawise klambi dicopot, Bu Irma langsung njupuk uyah sing biasa nggo mangsak ana dhapur. Uyah mau banjur diremet-remet nganti ajur. Perangan awak sing mbrontok banjur diusapi nganggo uyah mau.

Pethikan B

“Ora pareng dolan nggone kanca, Bu?” Takone bocah kelas telu SD Guyangan mau, sawijining dina.

“Pareng, ning kudu sing genah tujuane,” Bu Irma nerangake.

“Saben aku dolan rak mesthi jelas tujuane, Bu?”

“Ibu ngerti, Ibram. Nanging kudu didelok endi sing penting, endi sing mung alesan thok.”

“Ah, Ibu ora percaya marang Ibram?”

“Wiwit biyen Ibu tetep percaya marang kowe Ibram. Ibu luwih seneng menawa kowe istirahat dhisik sadurunge metu saka omah,” Bu Irma njlentrehake.

“Yen ndadak istirahat, terus keturon nganti sore, kan wis ora pantes dolan, Bu. Gek saben bubar sholat Ashar kudu nyang TPA Al Hikmah barang,” Ibram ngeyel.

“Dina Minggu utawa dina libur liyane, Ibram rak bisa dolan mrana-mrene.”

“Huhhhh! Kesuwen, Bu,” Ibram mecucu lambene. Ibune disawang kanthi praupan ora seneng.

“Ibram, kowe kudu ngerti yen saben wongtuwa kuwi pengin putrane dadi bocah sing apik, bocah sing nurut apa dhawuhe, bocah sing gampang diatur.”

“Alah, Ibu. Mesthi kuwi sing diomongake. Bosen Bu ana omah terus,” jawabe Ibram maneh.

“Ibram, Ibram. Yen dikandhani kok ajeg nyauri sengol.” Grenenge Bu Irma karo gedheg-gedheg.

Pethikan C

“Perih...perih...Bu,” Ibram sambat.

“Perih sauntara, Ibram. Sedhela maneh gatele bakal ilang.” Sambunge Bu Irma karo ngratakake uyah mau menyang awak sing mentol warna abang.

Bener kandhane Bu Irma. Let seprapat jam sabubare digosok uyah lembut, rasa gatel wis ilang. Ibram mesem kelegan.

“Ora kena didusi dhisik.” Ujare Bu Irma nalika Ibram kandha arep adus, kareben wulu sing gatel cepet ilang. “Mengko wae menawa tipak mbrendhol abang kuwi wis ambles,” sambunge wanita ayu sing pawakane singset kuwi.

“Kena apa ora kena ndang dinggo adus, Bu?”

“Sebagean wulu uler gatel sing isih nyisa malah bisa tumancep ana kulit maneh.”

“Oooooo. Takkira malah enggal ambblas.”

Pethikan D

Sore, karo ngancani Ibram lan Pak Kandar maem, Bu Irma banjur takon kepriye larah-larahe nganti Ibram kerogen. Ibram nerangake yen esuk mau penekan wit jambu ana omahe Ketut. Jambu matengmateng rupa abang mbranang kuwi pancen mengenake. Ibram sakancane mangan ana dhuwur, kejaba ngesaki maneh ana clana cekake

Ora krasa, nalika mudhun saka wit, gegere keceblokan uler gatel sing dhiwut-dhiwut wulune. Ibram enggal ngukur perangan gatel mau. Ora gatele sing ilang, nanging malah ngambrawara tekan ngendi-endi. Ora betah saking gatele, Ibram njur mlorot mudhun, nganti bagean awake lecet-lecet. Lecet mau sangsaya nambah gatele tikel-tekuk.

Marga kedadeyan kuwi, Ibram kapok, janji karo Ibune ora seneng penekan. Yen kurang ngati-ati, njur nganti tiba, malah luwih cilaka maneh.

Pethikan E

Mulih sekolah langsung nyopot sepatu lan nguncalake tase ana ruwang tamu. Bu Irma sing rawuh saka anggone mulang ana SD Kampungdalem, banjur takon.

“Ibram, arep nyang ngendi?”

“Dolan omahe Rudy, Bu,” Ibram njawab karo nyengklak sepedhane.

“Ora maem dhisik?”

“Mau wis maem ana kantin sekolah, Bu,” Ibram sangsaya banter olehe mancak sepedhane.

Bu Irma sing menggak putrane supaya ngaso dhisik, ora digubris babar pisan. Lagi wae mlebu latar, Ibram wis ora katon tipake.

Ibram pancen bocah sing arang banget bobuk sawise mulih sekolah. Ana-ana wae alesane nalika ibune nggenahake bab kuwi. Apa wae sing ditakokake, Ibram mesthi wis siyap jawaban. Embuh jawaban bener, apa mung angger muni.

Fase 4. Mengembangkan dan Menyajikan Hasil Karya

Wangsulan

Pangertosan perangan orientasi:

Pangertosan perangan komplikasi:

Pangertosan perangan resolusi:

Susunan cerkak ingkang runtut:

Pethikan ingkang kalebet perangan ORIENTASI:

Pawadanipun:

Pethikan ingkang kalebet perangan KOMPLIKASI:

Pawadanipun:

Pethikan ingkang kalebet perangan RESOLUSI:

Pawadanipun:

Sumangga salah satunggaling siswa saged maosaken asiling pirembagan ing ngajeng kelas

Fase 5. Analisis dan Evaluasi Proses Pemecahan Masalah

Post Test & Refleksi

Ing pamulangan dinten punika, para siswa sampun nyinaoni babagan perangan cerkak. Kangge ngukur kados pundi anggenipun para siswa nyinaoni materi punika, sumangga dipungarap *post-test* saking *link* utawi *barcode* ing ngandhap punika.

<https://quizizz.com/join?gc=86682635>



Kapustakan

- Ardiyani, Sekti. 2023. "Mogok Angkot". Djaka Lodang. No. 43. Hlm. 28-29.
- Dawam. 2022. "Kerogen". Djaka Lodang. No. 22. Hlm. 28.
- Hartono, Sri. 2013. Cerkak: Crita Cekak. Yogyakarta: Familia.
- Kuntari, Umi. 2013. "Kembang Krisan Putih". Cerkak: Crita Cekak. Hlm. 23-35.
- MGMP Bahasa Jawa SMA/SMK/MA D.I.Yogyakarta. 2020 (Revisi). WIBAWA: Wiyata Basa Jawa untuk Kelas XI. Yogyakarta: Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga D.I. Yogyakarta.
- Nug. 2023. "Pocong Mbonceng Gojek". Djaka Lodang. No. 41. Hlm. 18-19.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2018. Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta: UGM Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Groningen-Batavia: J.B. Wolters.
- Priharsono, Erdy. 2013. "Anak Wedok". Cerkak: Crita Cekak. Hlm. 1-6.

